Dáwletyar anasınıń aytqan sózine qarsı shıqpastan razıshılıq bildiredi. Sol kúni úyinde bolıp, ertesine jolǵa atlanadı ózi menen birge qırq jigit jıynaladı. Jol júrmesten aldın atına minip anasına:

Shıqsın janım jılaǵanıń kórmesin,
Hesh bir adam ayrılıqqa qalmasın.
Dostım jılap, dushpanlarım kúlmesin,
Jılama jan anam kabam qal endi. [3:6]

Qatarlar arqalı Dáwletyar anasın kóklerge ulıǵlaydı. Anası jılaǵanınan óziniń janınıń úzilgeni abzallıǵın bildirip, ayrılıqtıń dúnyadaǵı eń jaman nárse ekenin, ayrılıqtı heshkimge rawa kórmesligin tileydi. Dosları hesh qashan jılamay, dushpanları ústinen kúlmewin tilep, anasın taslap ketiwge májnbúr bolǵanın kórsetedi. Qosıqtıń basqa qatarlarında eger aman bolsa eline qayta oralıwın, álbette, anası menen kórisiwinde bildiredi.

Usı orında Dáwletyardıń hayalı Sárwigede ayrılıq qosıǵın aytadı. Qatarlarda Dáwletyar óziniń súyiklisine ashıqlar táǵdirin keńnen súwretleydi. Láyli menen Majnun kibi bolǵan muhabbatın, dushpanlardıń bulardıń muhabbatına jidalıq salǵanın, Farxat penen Shiyrınnıń awır táǵdirindey táǵdirdi basına salǵanın keńnen súwretlep beredi.

Dáwletyar der kórdim ájep awhalda,
Qismetim jazılǵan ol ázel kúnde,
Náyleyin táǵdirge men boldım bende,
Inshalla kelermen qaytıp sáwdigim. [3:7]

Usılayınsha Dáwletyar óziniń súyiklisi menen xoshlasadı. Dáwletyardıń izinde eki balası jáne qarındası qaladı. Olardıń hár birine xoshlasıw qatarların aytıp kózine jas tógedi. Soń olardıń kewlin alıw maqsetinde:

Sennen basqa gózzal túspes kózime,
Dúnya malın almań hár bir sózine,
Ziynetli bal tamǵan shiyrın júzińe,
Qarap miyrim qanbas bárhá sáwdigim. [3:8]

Dástanda súwretleniwine qaraǵanda Dáwletyardıń hayalı Sárwi júdá shıraylı insan bolǵan. Dáwletyar menen Sárwiniń ortasında eki perzent boladı. Ayrılıq qosıqlarınıń birinde ortadaǵı eki perzent haqqında sóz baradı.

At ústinen ulın alıp súyalmay,
Miyri qanıp diydarına toyalmay,
Allayar, Qudiyar ulın kóralmay,
Bizdi búgin súygen yardan ayırdı. [3:7]

Sárwiniń tilinen bayanlanǵan joqardaǵı qatarlarǵa súyenetuǵın bolsaq, ortadaǵı eki perzentte ul ekenin bilsek boladı. Olardan biri Allayar, ekinshisi Qudıyar ekeni qosıq qatarlarında ayqın kózge taslanadı. Dáwletyar anasınan ayrılǵan waqıtlarında anası alpıs jaslar shamasındaǵı hayal boladı.

Sayrasa búlbúldiń shıǵar nalası,
Eki birdey jılap qaldı balası,
Qartayǵanda dártli boldı anası,
Alpıs jasar anasınan ayrıldı. [3:7]

Dáwletyar anasın, súygen yarın, qarındasın hám balaları menen usı táqlitte xoshlasadı. Kóz jaslar dáryaday quyıladı hám bul kóz jaslarǵa shıdamaǵan Dáwletyar tómendegi qatarlar menen juwap qaytarıp, bárshesine táselli bermekshi boladı. Maǵlıwmatlarǵa súyenetuǵın bolsaq dástan Dáwletyardıń ózi tárepinen dóretilgen. Bul pikirimizdiń dálili etip, Qabıl Maqsetovtıń: «Dáwletyarbek» dástanınıń Dáwletyarbek ózi tárepinen dóretilgeni haqqında gúmansız kóp ǵana pikirler ushırasadı, - degen pikirin kórsetiwge boladı.

Báhárim, ayyamım ozal barımdı,
Májilisim, maxramım sáwbet sazımdı,
Lashınım, shuńqarım báhár-jazımdı,
Órdegim quwıbam kólden ayırdı. [3:10]

Mine usılayınsha Dáwletyarbek óz elinen uzaqlarǵa ketedi. Soń túrkmen eline barıp qonıslasadı. Dástandaǵı ayrılıq teması mine usılayınsha tásirli, insan sanasına qonımlı etip súwretlenedi. Sózimiz sońında sonı aytıwımız múmkin, dástandaǵı Xiywa xanınıń zulımlıǵına shıdamay óziniń eline ayıra túsken Dáwletyar qońısı túrkmen eline barıp xalıqlar doslıǵın, erteden jurtımızdıń qońısı mámleketler menen tatıw awızbirshilikte jasap atırǵanın kórsetedi. Sonı aytıw múmkin, qaharmanımız Dáwletyarbek Watan ushın janın pidá eterliktey márt jigit boladı.

**Ádebiyatlar**

1. Karimov I. Yuksak ma'naviyat - yengilmas kuch. - Toshkent: «Ma'naviyat», 2008.
2. Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. Тошкент:-«Ўзбекистон». 2016. 8-б.
3.Дәўлетиярбек (дәстан). -Нөкис: «Қарақалпақстан. 1995
4. Өзб. Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының китапханасы қолжазбалар қоры. Араб шрифтиндеги түп нусхасы Р-П. инв. 1186. Латын хәрибине көширмеси Р-11. инв. 1111.
5. Мақсетов Қ. «Қарақалпақ халқынын көркем ауызеки дөретпелери». –Нөкис: 1996. 229-b.
6. Dawqaraev N. Shıg'armalarının' tolıq jıynag'ı. II tom. –No'kis: 1977. 190-b.

**REZYUME.** Ushbu maqolada qoraqalpoq xalq dostoni "Davletyarbek" va dostondagi ijobiy va salbiy obrazlar tahlil qilinadi. Unda xalq eposida yaratilgan ayriliq mavzusi haqida hikoya qilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье анализируется каракалпакский народный эпос «Давлетярбек» и положительные и отрицательные образы в эпосе. В нем рассказывается о теме разлуки, созданной в народном эпосе.

**SUMMARY.** This article analyzes the Karakalpak folk epic "Davletyarbek" and positive and negative images in the epic. It tells about the theme of separation, created in the folk epic.

## КӨРКЕМ-ҲҮЖЖЕТЛИ ПОВЕСТЬЛЕРДЕ ТЕМАТИКАЛЫҚ ИЗЛЕНИСЛЕР

**Т.Қ.Жәримбетова –** *докторант*
*Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*

**Таянч сўзлар**: ҳужжатли қисса, реал ҳужжат, факт, тематик изланиш, бадиий образ.
**Ключевые слова**: документальная повесть, реальный докyмент, факт, тематическое исследование, художественный образ.
**Key words**: documentary story, real document, fact, thematic research, figurative character.

Қарақалпақ әдебиятында көркем-ҳүжжетли шығармалардың қәлеген түри ең биринши нәўбетте өмирдеги барҳәм болған реаль ҳүжжетлерге тийкарланатуғыны белгили. Бундай шығармаларда қаҳарманның турмысы ҳаққындағы фактлерди дизип, олар қурғақ баянлаў менен берилгени менен ҳүжжетли шығарма талабына жуўап бере алмайды. Автор биринши гезекте шығарманың тематикалық бағдарын белгилеп алады. Тематикалық бағдардың негизинде еки мәни сбар: бириншиден, бунда биз бирнеше жазыўшылардың шығармаларындағы бир-бирине уқсас темалардың бирикпесин, бағдарын түсинсек, екиншиден дәл бир шығармада тийкарғы темаға қосымша болған бирқанша кишигирим мәселелердиң тийкарғы бағдарын түсинемиз. Мысалы, айтайық аўыл ҳәм қала, илимий-техникалық революция ҳәм адам санасы ҳ.т.б темалар бир неше жазыўшылардың шығармаларында ҳәм жазыўшының бир қатар шығармаларын асәўлелениўи мүмкин. Бул биринши мағанада қолланылады. Екинши мәнисте, мысалы, Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ қызы»нда негизги тема халықтың революцияға қалай келгенлиги болса, ал, оған қосымша шығыс ҳаял-

қызларының азатлығы, халықтың салт-дәстүри ҳ.т.б. сүўретленген. Булар шығарманың қосымша тематикасын белгилейди [1:210-211]. Сол айтқандай, усындай тематикалық бағдарларда жазылған ҳүжжетли шығармалардың бири К.Мәмбетовтың «Москвадан келген қыз» ҳәм Х.Тәжимуратовтың «Халмурат доктор» атлы ҳүжжетли повестлеринде жаңа заман нәпеси, саўатсызлыққа қарсы гүресиў, өз ҳақ-ҳуқықларын билиў, халықтың садалығы, саламатлық жолында адамлардың жаңа көз-қараслары сөз етилген болса, екинши тәрептен, қаҳарманның сол заман адамларының санасына қаншелли дәрежеде унамлы тәсир жасағаны сүўретленген.

Заманызда жасап кеткен уллы адамлардың исимлерин тилге алғанда, бирден олардың туўылып өскен жери, ели-халқы ушын ислеген хызметлери ядқа келеди. Себеби, олардың өзлериниң ийгиликли ислери, хызметлери менен өз халқын, үлкесин дүньяға таныткан. Усындай уллы адамлардың бири Камал Мәмбетовтың «Москвадан келген қыз» [2] атлы ҳүжжетли повестинде рус этнографы, тарийх илимлериниң докторы, бирқанша мәмлекетлик сыйлықлардың ийеси Жданко Татьяна Александровна (1909-2007жж) образы сүўретленеди. Ол Өзбекстан мәмлекетиниң этнографиясын изертлеў бойынша тапсырма алып, 1931-1935-жыллары елимизде изертлеў жумысларын алып барады. Ол қарақалпақ халқының этногафиясының соншелли дәрежеде бай екенлигин, кең дүнья қатламына еле танылмай атырғанын ҳәм ашылмай атырған қырларын үйренип, изертлеп шыққан алым. Жазыўшы усындай зәбердес, талғамы күшли, ҳәр қандай жаңалыққа талпыныўшы, ҳеш бир қыйыншылықлардан қорықпайтуғын, қарақалпақ халқына келген биринши рус қызы ҳәм дәслепки илим қарлығашы Татьяна Жданко образын жаратады. Автор шығармасында сол заманлары феодаллық дүзим тәсиринде қалып қойған қарақалпақ халқының саўатсызлыққа қарсы гүресиў жағдайлары, революция дәўириндеги өзгерислер, жасаў тәризиндеги қыйыншылықлар, әсиресе, жаслардың өз ҳуқықлары ушын болған умтылыслары ҳаққында сол дәўир нәпесин көз алдымызға келтиреди. Усындай жағдайда қарақалпақлар арасына Татьяна Жданко ең дәслепки рет 1924-жылы келеди ҳәм машина жоқ дәўирде, гейде пайыў-пияда, гейде ешекли жүрип, изертлеў жукмысларын алып барыў даўамында ҳәр бир үйдиң дузын таткан бул қыз миймандос, кең пейил қарақалпақ халқына меҳри асып барады. Жазыўшы тәрепинен оның жан дүньясының гөззаллығы, дүнья танымының кеңлиги, инсаныйлық пазыйлетлери, илаҳий дөретиўшилик дүньясына болған умтылыслары шеберлик пенен сүўретленеди. Бул повестте Т.Жданконың ҳәм тарийхшы этнограф, ҳәм әпиўайы инсан сыпатындағы келбети ашып бериледи. Мәселен, «…Жолдың еки әтирапы қалың тереклик, гейде тереклер сийрексип, узақ-узақлардан аўыллар көринеди. Бәриде ылайдан салынған там, есик алдында әўдийген шертеклери бар. … Ол ўақытлары Қарақалпақстанның жолы тынышсыз еди. Кулаклар еле сапластырылмаған. Ел ишинде еле баспашылық, бандалық ҳәрекетлер бар еди. Экспедиция ағзаларын қәўипсизлик пенен тәмийинлеў ушын нарком қолына қурал берип, Төрткүл гарнизонынан бир Урал казагин қосқан еди [2:191]». Демек, сол жыллардағы қарақалпақ халқы еле раўажланыў басқышы дәрежесине шыға алмай ҳәм бирқанша турмыс қолайсылықларынан ўаз кеше алмай атырғанлығы, үстем топарлар тәсири астында қалып баратырған халықтың әбигершилик жағдайлары арқалы шығарманың тематикалық бағдарын аңласақ болады. Сондай-ақ, жазыўшы К.Мәмбетов этнограф Т.Жданко ҳәм оның менен заманлас болған адамлардың өмирин, ишки дүньясын, психологиясын жүрек сезимлеринен, көркем эстетикалық ой елегинен өткерип, поэтикалық образ ҳалында оқыўшыға усынады.

Экспедиция ўақтында Татьянаның қасына жас бала Мурат арбакеш қосып бериледи. Ол жигерли, соның менен бирге, инанғыш, еле ески түсиниклерден шығып кете алмай атырған сондай сада жигит. Оның образы арқалы жазыўшы жас қарақалпақ жигитлериниң белгили кәсип ийеси бола алмай, қара жумысқа гириптар болғанлығы, сол заман тәсиринде өз күши, алға умтылыўшылығы нәтийжесинде жоқары шоққыларға ерисе алатуғын түсиникке ийе емеслигин исенимли сәўлелендирген. Мәселен, «Аспанды да, сууды да өзиң басқарасаң «айырпалан», «корабль» деген ушатуғын, жүзетуғын сыйқырлы затлар ислеп берилген. Ол айырпаланда қустай ушады, кораблде балықтай жүзеди. Пүткил бир қаланы тийеп алып жер үстинде шабатуғын «темир тулпар» деген де бар дейди. Сол рас па, - дейди Мурат.

… Бунда ҳеш қандай сыйқыр яки қүдирет жоқ. Түсинесең бе, бул илим. Илимди терең ийелеген халық ҳәмме ўақыт алда болады» [2:198-199]. Демек, жазыўшы ушын дәўирдиң әҳмийетли мәселелерин таба билиў көркем шығарманың негизги шәртлериниң бири. Мысалы, жәнe бир қатарларын келтирсек, «Илим мың емес, миллионды жыққан. Ол ҳәммеден де күшли. Билесең бе? Оның күши қайда? Идеясында. Аўа, идеясында. Мәселен, сениң атаң өмиринше қой бағып өтти. Бир мәрте қарны тойып аўқат жеди ме. Не ушын ол бай отырған жерде бирге отырыўына ҳуқықы жоқ. Себеби, сениң жасаған алдыңғы жәмийетиң солай үйреткен» [2:199]. Бунда автор тийкарғы тема халықтың революцияға қалай келгенлигин айтпақшы болса, ал, оған қосымша жигерли жаслардың топасланып қалыўы, қара жумыс пенен шегараланыўы, әтираптың өзгерислеринен хабарсыз болыўын Татьяна ҳәм Мурат образы арқалы жеткерип бере алған. Булар шығарманың қосымша тематикасын белгилейди.

Жас этнограф қыз Татьяна Жданко қарақалпақ халқының үлкен шежиреси, елимизге келип, базыда ешекли, базыда пияда жүрип ҳәр бир үйдеги, орынлардағы ески кийим-кешек, тағыншақлар ҳ.т.б. затларды үйренип, тарийхымыздың оғада бай екенлигин илимий жақтан изертлеген саўатлы илимпаз ҳаял ретинде повестте шебер көрсетилген. Автор бул көркем-ҳүжжетли шығармасында қаҳарман образы ҳәм таңлаған тематикасының бағдары нәтийжесинде ХХ әсирдеги қарақалпақ халқының жасаў тәризин, миймандослығын, кең пейиллигин, этнографиясының бай екенлигин ашып берген.

Хожамурат Тәжимуратовтың «Халмурат доктор» [3] атлы ҳүжжетли повестинде ерлик ислери халқымыздың тилинде әпсанаға айланған белгили врач-хирург, Мийнет Қаҳарманы Оразымбет Халмуратовтың өмир жолы, оның халыққа ислеген хызметлери, заманласлары туўралы гүрриң етиледи.

Халық арасында «Қанатлы доктор» аты менен де белгили болған Халмурат доктор өз заманының билгир шыпакерлеринен болған. Ол қай мезгил болмасын шақырылған мәнзилге барып, наўқасларды емлеп жүрген. Бул шығарма бир неше темаларға бөлинген болып, оларда әсиресе,әпиўайы кеселликти де түсине бермейтуғын, шыпакер келсе, аўҳалы әбден төменлеп қалатуғын түсиникте жүре берип, кеселханаға бармайтуғын, дәрилерди өз ўақты менен қабылламайтуғын, өзинше ем алатуғын, шыпакер орнына тәўиплерге баратуғын халықтың минез-қулқы, садалығы, характери тематикалық бағдар етип алынады.

«Заманымыздың ҳәзирети Улықпаны» аты менен де аталып кеткен ол наўқаслардың жаны қыйналып атырған ўақытларында жетип барып, бир майданда оларды тынышландыра алған. Бундай уқыпқа ийе болыўы оның терең саўатлы өз иси бойынша бай тәжи-

рийбе топлағанынан дәрек береди. Сол дәўирде адамлар шыпакерге көриниў, дурыс ем алыў ҳаққында ойламақ түўе, тойып ҳәм дурыс аўқатланыў ҳаққында пикирге де ийе емес еди. Усындай жағдайда ол бийтапларға кеселликти әпиўайы тил менен түсиндирип, бир майданда шыпасын қондырған. Китаптағы «Туўры ишек», «Кеседи деген не», «Шөп те ем болады» темаларында адамлардың әпиўайы емди де түсине алмаўы, буйырылған дәриниң орнына басқа дәрилерди қоллаўы, жығылып, жарақат алған дене мүшесин өзинше байлап қойыўы арқалы автор халкымыздың садалығын, базыда бийпарўалықтың да бар екенлигин көрсетпекши болады. Оқыўшы қаҳарманның образы арқалы оның өзиниң кәсибине болған пидайылығын, жан себиллигин, сондай-ақ, сол заман адамларының пикирин, түсинигин аңласа болады. Мысалы, «Көпшилик адамлар мени тәўип екен, ата-бабалары тәўипшилик етипти, деп әңгиме етеди. Мен ҳеш қандай тәўип болғаным жоқ. Ата-бабам да тәўип болған емес. Мен медицина хызметкеримен. Халықтың емлеўи де күшли екенлигин еске алып, аўырыўдың кеўлин жықпаў ушын гейпара халық емин қолланып көриўди де естен шығармадым, дейди Халмурат доктор»[3:39].Мине, бул ҳақыйқый шыпакер тәбияты. Шыпакер қоршаған орталықты, адамларды өзгеше қабыллаўы, оған деген терең сүйиспеншилиги келтирилген қатарларда тәбийғый ҳалында берилген. Ол наўқасларды барынша қабыллағаны ушын да «Халмурат доктор» атанды ...

Мысалы, «Мына киси түни менен нан жеп шықты, жуқа мешкей деген усы емес пе, -дедим Оразымбет ағаға.

- Ол кисини мен туўры ишек етип қойыппан. Буннан неше жыл бурын ишек кесели менен аўырып қалған екен. Ишеклерине жара түсип, ишеклери келе болмайтуғын болғанлықтан, оның қарнын алып таслап, туўры ишек етип қойыппан.» Келтирилген мысалдан аңлағанымыздай, повестте жазыўшы шыпакер деп аталмыш илаҳий дүньяның сырлы тилсимлерин оқыўшыға шын мәнисинде жеткерип береди. Ол усындай тәжирийбелерден келип шығып, өз талантын ҳәр тәреплеме тәрбиялап, жетистирип, өзин ҳақыйқый шыпакер етип жетистирген. Бундай пазыйлетлери арқасында Халмурат доктор бул сыйқырлы дүньяны тереңнен уғынған, наўқаслар алдындағы жуўапкершиликти сезинген. Ол бийтапларының жүзлеринде шадлы күлкини, қәлбинде өмирге қуштарлықты көриў ушын жан жүрегин бағышлап ҳадал мийнет етеди. Мине, оның усындай пазыйлетлерин автор дәл бериўди мақул көреди. Ҳүжжетли повесттиң жанрлық тәбияты да усыны талап етеди. Екинши тәрептен оның менен бирге зәңгилес болған жора-жолдаслары, яғный, әскерликте бирге болған, сол ўақыттағы белгили самолёт басқарыўшылары, әскерий жумысларының басқа тараўында ислейтуғын дослары да айтылып, олар менен дийдарласқан мәўритлери де бериледи.

Автор шығармасында Халмурат доктор образы менен шыпакерлик жүгиниң аўыр екенлиги, ўақыт пенен санаспайтуғын, излениўшең болыўы кереклиги ҳәм гез келген адам бул кәсип ийеси болып кете бермейтуғынын тематикалық бағдар етип алады.

Жуўмақлап айтқанда, еки шығарманың қаҳарманлары, бири тарийхшы-этнограф илимпаз ҳаял, бири қолы шыпалы, сөзи даўалы шыпакер өз заманының ҳадал, жуўапкершиликли, инсаныйлық пазыйлетлери жоқары ретинде көркем сүўретленеди. Бунда авторлар өз шығармаларында заманның тәсири ҳам қаҳарман образлары арқалы белгили тематиканы мақсет етип қояды.

**Әдебиятлар**

1. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: «Билим», 1994. 210-б.
2. Мәмбетов К. Москвадан келген қыз. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986.
3. Тәжимуратов Х. Халмурат доктор. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1989.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ адабиётида бадиий ҳужжатли қисса энг биринчи навбатта реал воқеаларга асосланиши, ундаги яшаётган ёки яшаб кетган қаҳрамон образини яратиш ва мавзувий йўналиш-воқеалар, образлар ёрдамида очиб берилиши ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о том, что в каракалпакской литературе художественный документальный повесть основан, прежде всего, на реальных событиях, создание в нем образа живого или выжившего героя, раскрывается тематическая направленность через события и образы.

**SUMMARY.** The article discusses that in the Karakalpak literature, a fictional documentary story is based primarily on real events, the creation of an image of a living or surviving hero in it, the thematic focus is revealed through events and images.

## ЛИРИКАЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАРДА ТЫНЫШЛЫҚ ТЕМАСЫ
### (Шайыр Өсербай Әлеўов дөретиўшилиги мысалында)

**А.С.Жиемуратова** – *магистрант*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** дунё, глобализация, уруш, қурол, ядро.
**Ключевые слова:** мир, глобализация, война, оружие, ядро.
**Key words:** world, globalization, war, weapons, core.

Поэзия-гөззаллықты сөз бенен тәрийплеў өнери. Ол әсирлер даўамында талантлы сөз зергерлери тәрепинен жаратылып, халықтың турмыс жағдайын, арзыў-тилеклерин өзинде сәўлелендирип келген. Қосық инсанға эстетикалық заўық бағышлайды, шайыр этирапындағы дүньяны өз көзқарасынан келип шығып сәўлелендиреди. Поэзияда реал сүўретлемелер, пикирдиң образлар жәрдеминде берилиўи көзге тасланады. Газета-журналлар, телевидение ҳәм радио болмаған дәўирде поэзия публицистика хызметин атқарып келген. Жыраў-шайырлар мийрасы, халық аўызеки дөретпелеринде сол дәўир ушын оғада әҳмийетли болған машқалалар баян етилген. Сонлықтан да, «публицистика жәмийетлик буйыртпа. Бул буйыртпа публицист тәрепинен сезилиўи, оған тиккелей яки тиккелей емес айтылыўы, кескин ямаса мүлайым тәризде, бир ямаса бир топар адамлар, жәмийетлик институт тәрепинен соралыўы дағазаланыўы мүмкин» [1:187].

Тынышлық-бийбаҳа байлық. Дүньяда тынышылықты сақлап өмир сүриў тек ғана адамзат ушын емес, бәлким, пүткил тиришиликке тән қәсийет. Өтмишке нәзер таслар екенбиз, адамзат мудамы қыянкести урыс майданында жасап келгениниң гүўасы боламыз. Изертлеўлерге қарағанда, соңғы жүз жыллықта жәҳәнниң гигант мәмлекетлери «Тынышлық керек болса-урысқа таярлан» деген уран менен өмир сүрмекте. Қан төгиспелер, наразылықлардың жүзеге келиўи ҳәр бир халықтың аўызбиршилигиниң жойылыўына, алаўызлық ҳәрекетлериниң күшейиўине алып келмекте. Инсаният ҳәм мәмлекетлер арасындағы келиспеўшиликлерди тоқтатыў, миллетлер аралық татыўлықты, халықлардың қәўипсиз, қорқынышсыз өмир сүриўин тәмийинлеў, миграция процессин